*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№46 (60566) * 2020 с. * 7 декабрь * 22 рабигIул ахир * 1442 с. * итни *

## Районалъул администрациялда

**БачIунеб 2021 соналъ Дагъистаналда хIисабалде босун буго ДАССР гIуцIаралдаса 100 соналъул юбилей кIодо гьабизе.**



Гьелда хурхун заманаялъ Дагъистаналъул бетIерасул ишал тIуралев С. Меликовас бахъун буго байрам тIобитIиялъул хасаб хIукмоги. Нилъер районалдаги гьеб юбилей кIодо гьабизелъун гьарулел руго хIадурлъиялъул хIалтIаби. Араб талат къоялъ районалъул администрациялда заманаялъ районалъул бетIерасул ишал тIуралев М. ТIагьировасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана ДАССР гIуцIаралдаса 100 сонил юбилейалъул хIурматалда районалда гьаризе ругел тадбирал гIуцIиялъул комитеталъул данделъи.

Данделъиялда тасдикъ гьабуна районалда гьаризе ругел тадбиразул план. Хасгьабун кIвар буссинабуна районалъул централдаги, росабалъги ва нухлул рагIалллъабаздаги рацIцIалъи чIезабиялде. Памятниказда сверухъ бакIал рацIцIад гьариялде, ремонталъулал хIалтIаби гьаризе кколел ругони гьелги гьаризе.

Байрамалда хурхарал банераз росаби берцин гьаризе, школазда ва ясли – ахазда байрамалда хурхарал тадбирал гIуцIизе. Киналго байрамалда хурхун гьарулел тадбирал СМИяздасан къватIире кьеялдеги кIвар буссинабуна.

Районалъул «Церехун» газеталдаги тIубараб соналъ букIине буго хасаб рубрика «ДАССР гIуцIаралдаса - 100 сон», - абураб.

Рубрикаялда хъвазе буго гIицIго юбилейалда хурхун гьарурал тадбиразул хIакъалъулъ гуребги, пачалихъ ва район гIуцIиялъулъ жидер лъикIаб гIахьаллъи букIарал ва лъикIал хIасилалги рихьизарурал, тарихалда жидеца берцинаб лъалкI тарал гIадамазул хIакъалъулъ.

Бокьилаан газета цIалулез нижергун бухьенги гьабун нужерго росулъа гьединал гIадамазул хIакъалъулъ нижехъе хъвазе. Нижеца гьединал материалал газеталда рахъилаан.

**Суратталда:** Данделъиялда

**Б. АХIМАДОВ**

*ДАССР гIуцIаралдаса – 100 сон*

## Сталинги вачIун кьуна автономия



**1920 соналъул 13 ноябралда миллатазул рахъалъ халкъияв комиссар И. В. Сталинги Дагъистаналде вачIун, Темир – Хан – Шура тIобитIана 300 делегатги гIахьаллъараб Дагъистаналъул халкъазул съезд.**

Съезд тIобитIана шагьаралъул театралъул минаялъуб. ГьабсагIаталда гьениб буго музей. Жакъаги буго гьениб Сталинги президиумалъул вакилзабиги нахъа гIодор чIун рукIараб стол.

Съездалда председательлъи гьабуна Жалалудин Къоркъмасовас. Гьенир гьарурал кIалъаял гIурусалдаса магIарул мацIалде руссинаруна МухIамад-Мирза Хизроевас, дарги мацIалде - ГIалибег Тахо-Годица, лъарагIалде - Жамалудин Къоркъмасовас, азербайжан мацIалде – Керим Мамедбеговас. Тумазулгун лезги мацIазде буссинабулеб букIун гьечIо, тумазул делегатазда лъарагI ва азербайжан, гьединго лезгиязул делегатазда азербайжан мацI лъалеб букIун.

Съездалъул ахиралда делегатаз къабул гьабуна ДАССР гIуцIиялда бан Декларацияги. Цинги хIукму гьабуна гьелда бан тIуразе кколел суалалгун ГIалибег Тахо-Годиги, СагIид Габиевги, Жалалудин Къоркъмасовги Москваялде ритIизе.

Гьединго республика бикьана анцIго округалде - Авар, ГIанди, Гъуниб, Гьазигъумекиб, Хайдакъгун Табасаран, Кюри, Самур, Темир - Хан-Шура, Хасавюрт округал, Каспий ралъдал рагIаллъиялда бугеб мухъ.

Гьанже цо – цояз кинаб къимат кьолеб батаниги, доб мехалда автономия лъазаби букIана битIараб хIукму.

Юридикияб куцалда суалги тIубан, Дагъистан автономияб республикалъун тасдикъ гьабуна 1921 соналъул 20 январалда.

**Суратталда:** Съездалда

ПОДПИСКА - 2021

**ХЪВАЙ ГЪУДУЛЗАБИ, НИЛЪЕРГО РАЙОНАЛЪУЛ «ЦЕРЕХУН» ГАЗЕТА.**

**ПОДПИСКА ГЬАБИЗЕ БЕГЬУЛА ПОЧАЛЪУЛ ОТДЕЛЕНИЯЛДАГИ РЕДАКЦИЯЛДАГИ.**

### БОКЬИЛИЦ НУЖЕЕ

- Районалда ругел цIиял харбал рагIизе?
-ГIагараб ракьалъул тарихги, умумузул къисматги лъазе?
- Исламияб диналъул дарсал цIализе?
-Лъималаз гIелмуги гIолилаз насихIатги босизе?
- Махсаро - хочIалъ ракIал реэдизе?
- ЛъикIал малъа-хъваяз махщел камил гьабизе?
- Нилъерго мацIги, цIарги, маданиятги, адабиятги цIунизе?

**Батани, хъвай гьеб киналъулго матIу-жибго бечедаб, багьа учузаб нилъерго «Церехун» газета.**

### ГАЗЕТАЛЪУЛ БАГЬА:

**ЛъагIалие:**
Почалдасан – 480,94 гъур.
Редакциялдасан – 240 гъур.

**Бащдаб лъагIалие:**
Почалдасан - 240.48 гъур.
Редакциялдасан – 120 гъур.



*Жидерго хур – ахги, магIишатги, мина – къайги рехун тун, жидергоги, хъизан – лъималазулги рухIалдаги барахщичIого, тIадегIанав Аллагь разилъиялъеги, Дагъистаналда ислам цIуниялъеги, халкъалъул эркенлъиялъеги гъазаваталде рахъарал нилъер умумул ракIалде щвеялъе.*

# Хьаргаби росдал тарихалъул тIанчал

**Умумузул биценалда рекъон XVII гIасруялда Хунзахъа Хьаргабиве витIун вачIун вуго хан, МухIамад Шамхаласул вас Магьди. Цо нухалда, лъарахъа лъел гIертIалги цIун, рокъоре рачIунел рукIун руго хьергебдерил ясал. Ханасги гьесул нукарзабазги байбихьун буго гIолохъанал ясазде чIимхал речIчIизе, пуланай яс пуланав чиясухъе ячIине кколин къасиянги абулаго. Гьеб иш рекIеего гIун гьечIо хьергебдерил бихьиназе. Гьездаги ханасдаги гьесул нукарзабаздаги гьоркьоб ккун буго тунка – хIунси гьеб тунка- хIусиялъул хIасилалда чIван руго ханги гьесул нукарзабиги. ЧIаго хутIун буго гIицIго гьитIинаб лъимер: ханасул гъаравашалъ тIад ретIараб хъабарчаялъул къвалиниб бахчун къварилъухъан ГIаймакибе ва гьенисан Мехтулиялде – Джунгутае лъутун ун жидерго гIагарлъиялъухъе, ханзабазухъе щвезабун буго.**



КIудияб гIураб мехалда Магьди – ханасул ирсилас Хьаргабире ритIун руго чукъби – гьалгощинал соназ жиндие кьезе тIалъулеб букIараб магъало кьеянги абун. Хьергебдирица жаваб кьун буго, нижеца кьелин, босизе мунго вачIаян абун. Дица гьеб нилъер умумузул биценалъул цIехон букIана Хунзахъа ханзабазул наслуялъул, жидерго умумузул тарих лъикI лъалев чиясда, Хьайтмазида. Гьес бачIана жаваб гьединаб иш букIанин ва амма хан чIвачIила лъукъун хутIанила. Гьеб сурукъаб ясазде чIимхал рехи гьебги бугила ханасул нукарзабаз гьабураб иш. Гьединаб гIадат букIун буго ГъумекибгиI, гьениб гьабун ругьунаб иш гьез Хьаргабибги гьабун буго.

Хадубккун Хьаргаби росу лъугьана Закавказиялде чабхьенал гIуцIиялъул аслияб бакIалъул цояблъун. Гьеб гьедин букIиналъе нугIлъи гьабула умумузул биценазги МухIамадбегил шигIрабазги (Хьаргабиса Бегилав). ГIага – шагарго гьеб заманалда росулъ лъугьана эркен гьарурал лагъзадерил 10 тухумалъул байбихьи ва гIуцIана росдал лъабабилеб авал. Гьез гIумру гьабулеб букIана бакътIерхьул рахъалда росдада нахъа. Гьенирго рукIана боцIи гъолел ва хасалоде хер цIунулел бакIалги. Гьел минабазул чIваднал жакъаги хутIун руго.

Кавказалъул рагъул заманалда росдал биценазда рекъон, АхIулгохIда вукIана ичIго (баянал батIи – батIиял рехсола) хьаргабисев. Буго гьадинаб биценги. Цо гIаданалъул вац захIматго лъукъун вуго АхIулгохIда ккараб рагъулъ. Гьелъ гьев ваччун вуго Рихьуниве щвезегIан. Гьениве щведал, балагьун буго хIама. ХIамидаги къан, гьелъ вац щвезавун вуго рокъове ва жийго ун йиго Хьаргабиса рикIкIад гьечIеб УркасхIуни абулеб бакIалде. Гьениб хIадурулаан тункIил хер. ТункIил харил къандалъоги баччун, гьей тIад юссун йиго АхIулгохIде. Гьеб бахIарчияб ишалъул хIакъалъулъ рагIараб мехалда Шамил имамас баркала кьун буго гьелъие. Мун кисаян гьикъараб мехалда, гьелъ кидаго жаваб кьолаан УркасхIунисаян абун: имамас кумекалъе ахIидал, Хьаргабиса дагьал гурони гIадамал къватIире рахъинчIолъиялдаса нечон йикIунаан гьей.

Гьеб хабар дида бицана Хьаргабиса ГIазизов Аскерица, гьесдаги гьеб къиса рагIун буго жиндирго кIудияв инсудаса. Росулъ лъалила лъил тухумалъул гIадан дой кколеяли.

1842 соналъул февралалда, генерал Фезеца гъужумги гьабун, Хьаргаби росу бахъана. Гьеб цIунулезул къокъаялъе нухмалъи гьабулеб букIана Къарахъа МухIамадмирзаца.

1843 соналда Шамил имамасул аскаралъ щущахъ биххизабуна Хьаргабиса гIемер рикIкIад гьечIеб, Гъумекдерил гIурул рагIалда 1842 соналъ бан букIараб гIурусазул кIиго щулалъи. КIиялдаго гьоркьоб бухьеналъе хандакъалги рухъун гьелги тIад ран, ракьулъан бахъун букIана хасаб нух. Щулалъаби цIунулел рукIана майор Шагановас нухмалъи гьабулеб къокъаялъ, (цояз абулаан 306 цогидаз 400 солдат) ва 6 гIарадаги бугеб Тифлисалъул полкалъул батальон. 1843 соналъул октябрь моцIалъул ахиралда, гIурусаздаги лъазе течIого балъго имам Шамиль жиндирго аскаргун, щвана Хьаргабиве, гьенир данделъана КъебедмухIамадги, ХIажимурадги ва цоги наибзабиги аскаралгун. ТIоцебесеб кIалалда имамас къана нухал Зиранисан, ГьаракIунисан, ГIаймакисан ва УхIлисан, кумек щвечIого букIине сверун ккураб гIурусазул гарнизоналъе. Гьеб рахъалда рукIана ГьитIинасул Мусаги ва Идрис хIажиявги. Нух къачIеб рахъ букIана БахIтIури магIардасан Щурагьабехун, имамасда ракIалда букIана Щурагьасан гIурусазул кумек бачIинелде щулалъаби рахъизе. Имамас сверун ккуразда лъазабуна кверде рачIаян, гIурусаз инкар гьабуна. Гьелдаса хадуб 29 – 30 октябралъ гьарурал лъабго гьужумалъ хIасил кьечIо муридзабазе. КъотIи ккана Хьергебдерил ахал къотIизе ва гъутIбузул гIаркьалабазул гулалги гьарун гьезда нахъаги рахчун, гиризеги гьарун гьужумалъ ине. Гьел хIалтIабазе бетIерлъи гьабулеб букIана ЧIохъа наиб Закарица. Муридзабазул гьужумалде данде чIезеги бажаричIого гIурусал тIасияб щулалъиялда тункIил харил чанго пуд жаниб гьунеб чирмаги лъун, къватIирехун щулалъи кьвагьизабизе балъго чиги тун, гьоркьияб щулалъиялде лъутана (тIасияб щулалъи букIана жакъа кьоде балагьараб, кIиго тIалаялъул минаби ругеб бакIалда, гьоркьияб букIана защита растениялъул мина букIараб бакIалда). ТIасияб щулалъиялда кьвагьи – гIанхъи къотIидал муридзаби гьенире жанире кIанцIана ва гьеб лахIзаталъ гIурусаз гьеб кьвагьизабуна. Гьенив чIвана ва лъукъана нусгониги чи. Рагъул щуабилеб кьоялъ Кутишдирил щобалги рахун БахIтIури магIарде щвана генерал Гурко, лъабазаргогIан чи вугеб аскарги бачун, щулалъи цIунаразе кумекалъе. МагIарда тIасан балагьарав генераласда рихьула киналго Хьаргабире рачIунел нухал муридзабаз щула гьарун ккун рукIин. Жиндаго тIаде бачIине бегьулеб жавабчилъиялъукьаги хIинкъун генерал Гуркоца ахIула военный совет. Гьенир кIалъазе рахъарал киназулго, цоясул хутIизегIан, пикру ккола щулалъи ккуразе кумек гьабизе кIвеялда. Кин букIаниги Гуркоца Шамилил хIал бихьизе аскар БахIтIури магIаралъул бакьулъе щвезегIан гIодобе бачуна ва амма Шамилица гьелде кIвар кьечIолъи бихьун Гурко аскаргун магIарде тIаде нахъ вуссана. Ва анлъабилеб ноябралъ Щурагьавехун валагьун ана. ИчIго къоялъ халат рахъарал рагъаздаса хадуб муридзабаз кIиябго щулалъи бахъана, гIурусазул чIаго хутIанин абула лъутун ворчIарав кIиго - лъабго чи. Гьеб букIана Шамил имамасул кIудияб бергьенлъи.

Гьенир шагьидлъарал муридзаби цадахъ рукъана гьоркьияб щулалъиялда гIагарлъухъ. Нижер умумуз бицунаан гьенир рукъун ругин гьеб рагъулъ гIахьаллъарав 124 росулъа шагьидилан абун. Гьебго бицун букIана дие ЧIохъ – коммунаялдаса Гьазицаги. ГьабсагIаталда гьеб бакI сверун къан буго ва гьелда абула Гьазизабазул хобалин абун.

**ХIамзат МАХIМУДОВ**
**Хьаргаби росу**

## РацIцIалъи цIунизин

Ноябрь моцIалъул ахирал къоязда Хьаргаби ГЭСалъул хIорил рагIалги гьенисан унеб нухлул рагIаллъиги, чороклъи – кьишниялдаса бацIцIад гьабизелъун, хIорихъан байбихьун Хьвартихьуниб росулъе унеб кьоде щвезегIан хьартадерица гьабуна реццалъе мустахIикъаб лъикIаб хIалтIи.

Гьабураб рацIцIалъиялъул хIалтIи гьез бухьинабуна ДАССР гIуцIаралдаса 100 сонил юбилеялда. КIиго къоялъ гьабураб хIалтIул хIасилалда батIияб берцинлъиги, бацIцIалъиги бачIана хIорил рагIалалъул.

Хадубккунги гьединал субботникал гьаризе хIисабалде росун руго районалъул цогидал росабалги.

БацIцIадго цIунилин нилъго ругеб бакI ва сверухълъи.

**Сураталда:** Субботникалда



РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ «СЕЛО ГЕРГЕБИЛЬ» ГЕРГЕБИЛЬСКОГО РАЙОНА
АДМИНИСТРАЦИЯ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ

*№ 02-05/21* **РАСПОРЯЖЕНИЕ** *от 02.11.2020г*

## О порядке разработки и утверждения схем размещения нестационарных торговых объектов на территории муниципального образования «село Гергебиль» Гергебильского района Республики Дагестан

Во исполнение Федерального закона от 28.12.2009 № 381-ФЗ «Об основах государственного регулирования торговой деятельности в Российской Федерации», Постановления Правительства Российской Федерации от 29.09.2010 № 772 «Об утверждении правил включения нестационарных торговых объектов, расположенных на земельных участках, в зданиях, строениях и сооружениях, находящихся в государственной собственности, в схему размещения нестационарных торговых объектов», администрация муниципального образования «село Гергебиль» Гергебильского района постановляет:

Создать комиссию по разработке схемы размещения нестационарных торговых объектов на территории муниципального образования «село Гергебиль» Гергебильского района.

2. Утвердить:

2.1. Положение о комиссии по разработке схемы размещения нестационарных торговых объектов на территории муниципального образования «село Гергебиль» Гергебильского района (приложение 1).

2.2. Состав комиссии по разработке схемы размещения нестационарных торговых объектов на территории муниципального образования «село Гергебиль» Гергебильского района (приложение 2).

2.3. Порядок разработки и утверждения схемы размещения нестационарных торговых объектов на территории муниципального образования «село Гергебиль» Гергебильского района (приложение 3).

Требования, предусмотренные настоящим постановлением, не распространяются на размещение нестационарных торговых объектов и объектов по оказанию услуг при проведении предпраздничных, праздничных, культурно-массовых, спортивных и иных мероприятий. Временное размещение нестационарных торговых объектов и объектов по оказанию услуг, указанных в настоящем пункте, регулируется отдельными правовыми актами Администрации муниципального образования «село Гергебиль» Гергебильского района.

Опубликовать настоящее постановление в газете «Вперед» муниципального района «Гергебильский район» и разместить на официальном сайте Администрации муниципального образования «село Гергебиль» Гергебильского района.

Контроль за исполнением данного постановления оставляю за собой.

**И.О.Главы МО «село Гергебиль»**
**АЛБУРИЕВ Г.М.**

СЕЛЬСКОЕ СОБРАНИЕ «СЕЛО КУДУТЛЬ»

# ПРОЕКТ

## БЮДЖЕТА НА ПЕРВОЕ ЧТЕНИЕ НА 20201 Г.

*От 17 ноября 2020 года*

1.Утвердить основные характеристики сельского бюджета на 2021год, определенные исходя из прогнозируемого объема в размере 1697.0 тыс. рублей:

Прогнозируемый общий объем сельского бюджета в сумме1697.0тыс. руб. в том числе

безвозмездные поступления от других бюджетов бюджетной системы Российской Федерации в сумме 1621.0 тыс.руб. согласно приложению 1 к настоящему Решению;

Общий объем расходов сельского бюджета в сумме 1697.0 тыс.руб.

2.Утвердить в пределах общего объема расходов, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов классификации расходов бюджета на 2021 год согласно приложению 1к настоящему Решению

**Распределение доходов бюджета на 2021 год по кодам экономической классификации**

| Код бюджетной классификации РФ | Наименование доходов | Сумма (тыс. руб.) |
|---|---|---|
| 000 1 00 00000 00 0000 000 | ДОХОДЫ | 76,0 |
| 182 101 02000 01 0000 110 | Налог на доходы физических лиц | 24.0 |
| 000 106 01030 10 0000 110 | Налог на имущество физических лиц | 16.0 |
| 000 106 06013 10 0000 110 | Земельный налог | 36.0 |
| 000 200 00000 00 0000 000 | Безвозмездные поступления | 1621 |
| 001 202 01001 10 0000 150 | Дотации бюджетам | 1421.0 |
| 001 202 03024 10 0000 150 | Субвенции бюджетам поселений передаваемых полномочий субъектов РФ | 121.0 |
| 001 202 03015 10 0000 150 | ВУС | 79.0 |
| | ВСЕГО: | 1697,0 |

**Распределение бюджетных ассигнований на 2021 год**

| Наименование | Функциональная классификац. расходов бюджетов РФ | | | | Сумма тыс.руб |
|---|---|---|---|---|---|
| | РЗ | ПР | цс | ВР | |
| Глава муниципального образования | 01 | 02 | 999002001С | 100 | **365.1** |
| | 01 | 02 | 999002001С | 121 | 306.5 |
| | 01 | 02 | 999002001С | 129 | 58.6 |
| Центральный аппарат | 01 | 04 | 0000000 | 000 | **743.5** |
| | 01 | 04 | 999002003С | 121 | 570.5 |
| | 01 | 04 | 999002003С | 129 | 102.0 |
| | 01 | 04 | 999002003С | 244 | 51.0 |
| | 01 | 04 | 999002003С | 851 | 20.0 |
| ВУС | 02 | 03 | 9980051180 | 100 | **79.0** |
| | 02 | 03 | 9980051180 | 121 | 60.0 |
| | 02 | 03 | 9980051180 | 129 | 19.0 |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | 05 | 00 | 000 00 00 | 000 | **121.0** |
| Коммунальное хозяйство | 05 | 02 | 9940023510 | 244 | 35.0 |
| Уличное освещение | 05 | 03 | 994002601Л | 244 | 25.0 |
| Содержание автомобильных дорог | 05 | 03 | 994002602Л | 244 | 61.0 |
| Содержание кладбищ | 05 | 03 | 994002604Л | 244 | 0 |
| Молодежная политика и оздоровление детей | 07 | 07 | 994002431Б | 100 | **99.9** |
| | 07 | 07 | 994002431Б | 111 | 74.3 |
| | 07 | 07 | 994002431Б | 119 | 25.6 |
| Культура | 08 | 01 | 000 00 00 | 000 | **288.5** |
| СДК | 08 | 01 | 991002440Д | 111 | 193.4 |
| | 08 | 01 | 991002440Д | 119 | 58.7 |
| | 08 | 01 | 991002440Д | 244 | 36.4 |
| Физическая культура и спорт | 11 | 01 | 0000000000 | 000 | **0** |
| Мероприятия в области здравоохр.спорта и физической культуры,туризма | 11 | 01 | 994002512Б | 244 | 0 |
| ИТОГО: | **00** | **00** | **000 00 00** | **000** | **1697.0** |

**Глава МО «село Кудутль» А.К. МАГОМЕДИБИРОВ**

СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ
МР «ГЕРГЕБИЛЬСКИЙ РАЙОН»

01.12.2020г. № 01-34/04

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ

## Президиума Собрания депутатов МР «Гергебильский район» о созыве 4-й сессии Собрания депутатов МР «Гергебильский район» седьмого созыва 10 декабря 2020г.

Заслушав и обсудив информацию Председателя Собрания депутатов МР « Гергебильский район» о созыве 4-й сессии Собрания депутатов МР «Гергебильский район» седьмого созыва, Президиум Собрания депутатов МР «Гергебильский район» - Постановляет:

1. В соответствии с пунктом 1, статьи 25 Устава Муниципального района « Гергебильский район», статьи 9 Регламента работы Собрания депутатов, Порядком подготовки, оформления и внесения проектов решений в Собрание депутатов, созвать 4-ю сессию Собрания депутатов МР «Гергебильский район» седьмого созыва 10 декабря 2020г. в 14 -00 часов в помещении актового зала администрации МР «Гергебильский район»

2. На основании ст.13 Регламента Собрания депутатов МР «Гергебильский район» включить в повестку дня 4-й сессии Собрания депутатов МР «Гергебильский район» седьмого созыва следующий вопрос:

1. Об избрании Главы муниципального района «Гергебильский район».

**Председатель**
**Собрания депутатов**
**МР « Гергебильский район»**
**М.Б. ОМАРОВ**

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
АДМИНИСТРАЦИЯ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ
«село Гергебиль»

*№ 6* *«20» ноября 2020г.*

# ПРОЕКТ

## БЮДЖЕТА НА ПЕРВОЕ ЧТЕНИЕ НА 2021 ГОД

1.Утвердить основные характеристики сельского бюджета на 2021год, определенные исходя из прогнозируемого объема в размере **10272,0** тыс. рублей:

1) прогнозируемый общий объем доходов сельского бюджета в сумме **10272,0** тыс. рублей, в том числе безвозмездные поступления от других бюджетов бюджетной системы Российской Федерации в сумме **8996,0** тыс. рублей согласно приложения **№1** к настоящему Решению;

2) общий объем расходов сельского бюджета в сумме **10272,0** тыс. рублей.

2.Утвердить в пределах общего объема расходов, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов на 2021 год согласно приложения **№2** к настоящему Решению.

**Председатель сельского Собрания**
**АЛИЕВ М.Ш.**

*Приложение №1*

**РАСПРЕДЕЛЕНИЕ**
**доходов бюджета на 2021 год по кодам экономической классификации**

| Код главы | Код бюджетной классификации | Наименование доходов | Сумма (тыс. руб.) |
|---|---|---|---|
| 000 | 1 00 00000 00 0000 000 | Доходы | 1276,0 |
| 182 | 1 01 02010 01 1000 110 | Налог на доходы физических лиц | 628,0 |
| 182 | 1 05 03010 01 1000 110 | Единый сельскохозяйственный налог | 9,0 |
| 182 | 1 06 01030 10 1000 110 | Налог на имущество физических лиц | 121,0 |
| 182 | 1 06 06043 10 1000 110 | Земельный налог | 418,0 |
| 001 | 1 17 05050 10 0000 180 | Прочие неналоговые доходы | 100,0 |
| 000 | 2 00 00000 00 0000 000 | Безвозмездные поступления | 8996,0 |
| 001 | 2 02 15001 10 0000 150 | Дотация бюджетам с.п. | 7700,0 |
| 001 | 2 02 35118 10 0000 150 | Субвенция бюджетам поселения п.в.у. | 218,0 |
| 001 | 2 02 40014 10 0000 150 | Межбюд. трансферты, передаваемые бюджетам с.п. из бюджетов м.р. на осуществление части полномочия по решению вопросов местного значения в соответствии с заключенными соглашениями | 1078,0 |
| | | **Всего** | **10272,0** |

*Приложение №2*

**Распределение бюджетных ассигновений на 2021 год**

| Наименование показателя | Гл. | Рз. Пр. | ЦС | ВР | Сумма (тыс. руб.) |
|---|---|---|---|---|---|
| Глава МО | 001 | 0102 | 999002001С | 121 | 450,7 |
| | 001 | 0102 | 999002001С | 129 | 136,1 |
| Управление МО | 001 | 0104 | 999002003С | 121 | 1083,4 |
| | 001 | 0104 | 999002003С | 129 | 327,2 |
| | 001 | 0104 | 999002003С | 244 | 1107,5 |
| | 001 | 0104 | 999002003С | 851 | 200,0 |
| | 001 | 0104 | 999002003С | 852 | 10,0 |
| | | | | | |
| ВУС | 001 | 0203 | 9980051180 | 121 | 167,4 |
| | 001 | 0203 | 9980051180 | 129 | 50,6 |
| | 001 | 0203 | 9980051180 | 244 | 0 |
| Доплата к пенсии мун. служ. | 001 | 1001 | 994003491Э | 321 | 273,0 |
| Мероприятия в рамках благоустройства | 001 | 0503 | 994002601Л | 244 | 0,0 |
| | 001 | 0503 | 994002602Л | 244 | 4500 |
| | 001 | 0503 | 994002603Л | 244 | 10,0 |
| | 001 | 0503 | 994002604Л | 244 | 30,0 |
| | 001 | 0503 | 994002605Л | 244 | 300,0 |
| | 001 | 0503 | 994002606Л | 244 | 218,2 |
| Молодежная политика | 001 | 0707 | 994002431Б | 244 | 15,0 |
| Сельский дом культуры | 001 | 0801 | 991002440Д | 111 | 988,4 |
| | 001 | 0801 | 991002440Д | 119 | 298,5 |
| Физическая культура и спорт | 001 | 1101 | 994002512Б | 244 | 100,0 |
| **Всего** | | | | | **10272,0** |

*Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса*

## Витаминаздалъун бечедаб
# ХIАВАГIЕЧ

**Тохтурзабаз абулеб буго инсанасе пайдаяб пихъ кколин хIавагIечилан. ГIадатияб гIечалъулъ букIунеб С витамин гьелъулъ кIиго нухалъ цIикIкIун букIуна. Гьанжего гьанже гъотIодаса тIураб гьеб рикIкIуна витаминазул гъамаслъун. Гьелъулъ руго провитамин А, С, Е, ВI, В2, В6, PP гIадал витаминал, фруктоза, глюкоза, пектин, кислотаби, калий, натрий, железо, фосфор ва мед гIадал веществаби, гьединго, углеводалгун аминокислотаби.**



БатIи-батIиял нигIматазе (компот, варенье) хIалтIизабун хадубги гьелъулъ цIунун хутIула пайдаял жал.

ХIалакълъизе къваригIарал ва черх узданлъиялда цIунизе бокьаразеги хIавагIеч рикIкIунеб буго кутакалда пайдаяблъун. Чиясулъ лъугьунеб кьаралъи хIавагIечалъ биччалеб гьечIо данде бакIарун нахъбахъун хутIизе. Амма хинлъизабураб мехалъ гьеб гIуцIи биххун унеб буго, гьединлъидал кьаралъунгутIиялъул нияталъе хIалтIизабулеб хIавагIеч букIине кколеб буго цIеда лъун (варенье компот гIадаб гьабулаго) хинлъичIеб.

### ХIавагIечалъул пайдаби

Гьелъулъ бугеб С витамин, сордо-къоялъе чиясе бихьизабураб къадаралда щолеб буго хIавагIеч квиналдалъун. Гьеб витаминалъ кумек гьабула иммунитет щулалъизабизе ва цIа-кан бахун лъугьараб унти сах гьабизе.

Аллергия лъугьиналде данде чIолеб къуватги буго гьелъулъ.

ГьоцIогун жубазабун квараб гьелъ кумек гьабула бакьазда лъугьарал инфекциялъул унтабаздаса цIуниялъе. Чакарги бан бакъвалъизегIан гьализабураб гьелъул лъим (сироп) бавасуралъе (гемморой) дарулъун рикIкIуна. Белъун кванараб гьелъ лагIдей къотIизабула.

Калиялдалъун бечедаб букIиналъ хIавагIечалъ кумек гьабула бидул тIадецуй рукIалиде ккезабизе. Гьелъ кумек гьабула рекIел унтабигун инсультал ккунгутIизе, атеросклероз гIадал унтаби лъугьунгутIизе. Гьелдаго цадахъ холестериналъул къадарги гIодобе ккезабула. Чакрил диабет бугезе, гьелъул роцен букIине кколедухъ цIунизе кумек гьабула.

ХIавагIечалъулъ ругел фенолал абулел жалаз кумек гьабула черх квачалъулгун цогидал рахунел унтабаздаса цIунизе.

Психикаялъеги гьелъ лъикIаб асар гьабула. Стресс бахъизе, нерваби гIодоре риччазаризе квербакъула.

ХIавагIечалъулъ ругел антиоксидантазул гIуцIабаз кумек гьабула рак унтудаса цIуниялъе, гьелъул клеткаби тIагIинариялъе.

Кващул пунцIилаялда унти лъугьарал бихьиназеги лъикIаб буго гьеб кваназе. Гьединго, гьелъ беразул канлъи лъикIлъизабула ва беразулъ лъугьунел батIи-батIиял унтаби сах гьаризе квербакъула. Китаялда хIавагIеч хIалтIизабула беразул канлъи цIуниялъе гьарулел дарманазулъ.

Гьеб кваназе лъикIаб буго хIур букIунеб яги чорокалжал къватIире кьолел бакIазда хIалтIулезе. ХIавагIечалъулъ бугеб пектиналъ гьединал жал чорхолъа къватIире инарула.

### Руччабазе баян

Калий, кальций, железо гIадал жалаз лъикIаб асар гьабула эбелалъул ургьиб бугеб лъимералъул рижиналъе. Белъараб гьелъ кумек гьабула гьегIдариялда данде ва бохдуздагун махIабазда кьватIелал лъугьунгутIизе.

Барщараб хIавагIеч ва гьелъул пурчIина, крем гIадинги гьабун, хIалтIизабула гьумер-кверазда бахинеги. Херлъиги хIинцлъизабула хIавагIечалъ.

Расул кьалбалги щула гьарула гьелъ. Пюре гIадинги гьабун, крем хIисабалда, хIавагIеч расуда бахани, тIом бацIцIад гьабула ва рас кенчIезабула.

### Заралалъул хIакъалъулъ

Пайдабаздаго цадахъ зарал камураб жо букIунарелъул, хIавагIеч кваназе лъикIаб гьечIо бакьал унтарал, кванирукъалда ругьун бугел чагIазе. Лъимер гьабизе ругеб заманалда руччабазеги лъикIаб гьечIо гьеб кваназе, амма компот, варенье гьабун квине бегьула.

Гьелда тIад бугеб квасквас гIадаб жо, кваналелде цебе, тIаса инабизе лъикIаб буго. ЩайгурелЪул гьелъ хъегIдизарула, мукъулукъалъе зарал гьабизе рес буго. ХIавагIечалъул хьон кваназе бегьуларин рикIкIунеб буго гIалимзабаз. Гьелъулъ ругила черхалъе зарал гьабизе рес бугел жал.

Гъуърузда плеврит абураб унти бугезеги бихьизабун гьечIо хIавагIеч. Дару хIалтIизабулебгIан заманалда жаниб кваначIого тезеги рекъараб буго гьеб.

## РУЗНАМА

Рекомендуемая советом алимов Муфтията РД Для Гергебильского района республики Дагестан

**ДЕКАБРЬ**

| Дата | Утрен-ний | Восход солнца | Обе-денный | Аср | Вечер-ний | Ночной |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 05:24 | 07:59 | 11:46 | 14:03 | 16:24 | 17:43 |
| 2 | 05:25 | 07:00 | 11:46 | 14:03 | 16:24 | 17:43 |
| 3 | 05:26 | 07:01 | 11:47 | 14:02 | 16:24 | 17:43 |
| 4 | 05:27 | 07:02 | 11:47 | 14:02 | 16:24 | 17:43 |
| 5 | 05:28 | 07:03 | 11:48 | 14:02 | 16:23 | 17:43 |
| 6 | 05:29 | 07:04 | 11:48 | 14:02 | 16:23 | 17:43 |
| 7 | 05:29 | 07:05 | 11:49 | 14:02 | 16:23 | 17:43 |
| 8 | 05:30 | 07:06 | 11:49 | 14:02 | 16:23 | 17:43 |
| 9 | 05:31 | 07:07 | 11:49 | 14:02 | 16:23 | 17:43 |
| 10 | 05:32 | 07:07 | 11:50 | 14:02 | 16:23 | 17:43 |
| 11 | 05:33 | 07:08 | 11:50 | 14:02 | 16:23 | 17:43 |
| 12 | 05:33 | 07:09 | 11:51 | 14:03 | 16:23 | 17:43 |
| 13 | 05:34 | 07:10 | 11:51 | 14:03 | 16:23 | 17:44 |
| 14 | 05:35 | 07:11 | 11:52 | 14:03 | 16.24 | 17:44 |
| 15 | 05:35 | 07:11 | 11:52 | 14:03 | 16:24 | 17:44 |
| 16 | 05:36 | 07:12 | 11:53 | 14:03 | 16:24 | 17:44 |
| 17 | 05:37 | 07:13 | 11:53 | 14:04 | 16:24 | 17:45 |
| 18 | 05:37 | 07:13 | 11:54 | 14:04 | 16:25 | 17:45 |
| 19 | 05:38 | 07:14 | 11:54 | 14:05 | 16:25 | 17:46 |
| 20 | 05:38 | 07:15 | 11:55 | 14:05 | 16:26 | 17:46 |
| 21 | 05:39 | 07:15 | 11:55 | 14:05 | 16:26 | 17:46 |
| 22 | 05:39 | 07:16 | 11:56 | 14:06 | 16:27 | 17:47 |
| 23 | 05:40 | 07:16 | 11:56 | 14:06 | 16:27 | 17:47 |
| 24 | 05:40 | 07:17 | 11:57 | 14:07 | 16:28 | 17:48 |
| 25 | 05:41 | 07:17 | 11:57 | 14:07 | 16:28 | 17:49 |
| 26 | 05:41 | 07:17 | 11:58 | 14:08 | 16:29 | 17:49 |
| 27 | 05:41 | 07:18 | 11:58 | 14:09 | 16:30 | 17:50 |
| 28 | 05:42 | 07:18 | 11:59 | 14:09 | 16:30 | 17:51 |
| 29 | 05:42 | 07:18 | 11:59 | 14:10 | 16:31 | 17:51 |
| 30 | 05:42 | 07:18 | 12:00 | 14:11 | 16:32 | 17:52 |
| 31 | 05:43 | 07:19 | 12:00 | 14:11 | 16:33 | 17:53 |

## лъазаби

**Компания ищет мужчину партнёра,**
*который сможет организовать в регионе*
**СБОР**
**жира сырца говяжьего, бараньего, конского как от населения так и от организаций.**

**Объём жира сырца нужен круглый год и на постоянной основе.**
**Рассмотрим любые варианты.**
**Все вопросы и предложения обсудим по телефону:**
**8 905 310 57 10** (Талгат)
**Всегда на связи с вами.**

Утерянное удостоверение №3 депутата Собрания депутатов МР «Гергебильский район» выданный на имя **Шахбанова Магомедгаджи Тагировича** 20 октября 2020 года считать недействительным.

**Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"**
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIараздагьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**
**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль. ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ № ________. Тираж 1000 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола авторaз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихьаниги бажаруларо». Ж. Сервантес***

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать 3 декабря 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00